



## International Studies Charter High School

Chè Paran/Gadyen:

Ane sa a lekòl nou an pral resevwa fon federal espesyal, ki pral sèvi anplis fon Eta ak lokal regilye nou an, pou amelyore pwogram edikasyonèl pou tout elèv nan lekòl nou an. Fon federal sa a pral pèmèt nou enplemanse Pwogram "Title I" atravè Tout Lekòl la.

Pwogram Title I atravè Tout Lekòl la pral pèmèt nou ofri enstriksyon siplemantè nan domèn Lekti/Redaksyon, Matematik, Syans e/oubyen Syans Sosyal pou elèv nou yo ki baze sou bi enstriksyonèl nou etabli nan "School Improvement Plan (SIP)" (Plan Amelyorasyon Lekòl) nou an. Nou te devlope plan sa a an kolaborasyon avèk pwofesè e paran nou yo. An jeneral, nou ka sèvi avèk fon federal sa a pou nou ofri yon seri sèvis enpòtan, tankou ajoute sou pèsònèl enstriksyonèl siplemantè a; achte materyèl enstriksyonèl e/oubyen ekipman adisyonèl; abilite pou sipòte salklas regilye avèk èd enstriksyon sou òdinatè; fòmasyon espesyal pou paran e/oubyen anplwaye, ofri aktivite adisyonèl ki motive e enterese elèv nou yo anpil, e sèvis edikasyonèl opsyonèl Distri a ofri.

Nou ankouraje ou pou w jwe yon wòl aktif nan planifikasyon ak enplemantasyon Pwogram Title I Atravè Tout Lekòl la. Nou envite ou vin nan Reyinyon Anyèl Paran "Title I" Novanm 1 a 7:15 nan chanm 204

; vizite nou pou obsève aktivite pwogram nan; e pou vin pi angaje nan siksè akademik pitit ou. Nou vle w konnen opòtinite angajman pou paran ak fanmi e ide ogmante atravè patisipasyon ou nan reyinyon "Title I District Advisory Council (DAC)" (Komite Konsèy Title I Distri) a ak nan reyinyon "Regional Center's Parent Advisory Council (PAC)" (Komite Konsèy Sant Rejyonal Paran) an; nou ofri atelye ak aktivite chak semèn nan "Neighborhood Resource Center (NRC)" (Sant Resous Katye) Administrasyon Title I, ak reyinyon e atelye pou paran nan lekòl la.

Nou espere wè paran nou yo travay ansanm avèk anplwaye lekòl nou yo nan evalyasyon ak re-planifikasyon anyèl sou kontni ak efikasite Akò Lekòl-Paran nan lekòl nou an ansanm ak "Parent and Family Engagement Plan (PFEP)" (Plan Angajman Paran ak Fanmi) Title I lekòl nou an. Yon fwa nou fini, n ap mete dokiman sa yo disponib pou ou nan Sant/Zòn Resous Paran, nan Biwo Prensipal Lekòl la e atravè sit Entènèt lekòl la. Nou ap mete plan nou yo ajou regilyèman pou asire yo reflekte bezwen espesifik elèv nou yo. Anplis ou ka jwenn Liv Gid Administrasyon Title I nan sou Entènèt nan <http://ehandbooks.dadeschools.net/policies/135.pdf>.

Silvoulè, mwen vle w konnen biwo mwen an ak "Community Involvement Specialist (CIS)" (Espesyalis Patipasyon Kominotè) /"Community Liaison Specialist (CLS)" (Espesyalis Lyezon Kominotè) a oubyen moun ki la pou kontakte paran yo nan lekòl nou an, se resous pou jwenn dènye nouvèl sou "Every Student Succeeds Act (ESSA)" (Akò Chak Timoun Dwe Reyisi) a e pou w resevwa enfòmasyon sou "*Dwa pou Konnen*" kòm paran konsènan: nivo akonplisman pitit ou a nan chak evalyasyon akademik eta a; kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè e/oubyen parapwofesyonèl salklas pitit ou, si yon pwofesè ki pa satisfè demand sètifikasyon Eta a ap anseye pitit ou pou kat oubyen plis semèn konsekitif; done sou pèfòmans lekòl la; Pwosedi pou Reyini e Pote Plent nan Distri Lekòl la, nivo PFEP distri a, nivo PFEP lekòl la, SIP a, ak Kontra Lekòl-Paran an.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan enstriksyon pitit ou a ap resevwa nan lekòl nou an oubyen sou Pwogram Title I Atravè Tout Lekòl la, silvoulè kontakte m nan 305-643-2955.

Sensèman,

Direktè (tris)

